

Denonse

Si w gen yon enkyetid oswa sispèk yon vyolasyon lalwa, Kòd Konduit nou an oswa Kòd Founisè a, nou vle w denonse sa a.

Nou vle ankouraje tout moun pou yo santi yo alèz pou yo pataje enkyetid yo, menm si yo ta fè erè. Sepandan, yon moun ki pataje yon enkyetid pou fè moun malfezan ap sibi gwo pinisyon.

Kòd Konduit nou an ak Kòd Founisè a disponib sou entranèt la epi sou: www.imperialbrandspc.com. Ou ka voye yon imèl ak kesyon w yo nan Governance.Team@impbrands.com

Gen plizyè fason w kapab denonse:

1. Denonsman ki fèt entèn

Si w santi w alèz pou fè sa a, ou ta dwe pataje enkyetid ou yo ak manadjè w la oswa ak ekip lokal resouzimèn ou a.

2. Fè denonsman an nan piblik

Si w pa santi w alèz pou pataje enkyetid ou yo ak yon kolèg lokal, oswa si w te pataje enkyetid ou yo entèn epi w kwè repons lokal la pa sifi, nou ta ankouraje w soumèt yon rapò nan sistèm otomatik nou an pou fè rapò konfidansyèl. Sa a se yon sistèm sekirize, fasil pou jwenn aksè epi fasil pou itilize ki pral asire rapò w la al jwenn byen vit moun li dwe al jwenn ekzakteman an. Ou ka soumèt rapò w la san w pa mete non w, si w vle.

Ou ka jwenn aksè ak sistèm la depi òdinatè w oswa telefòn mobil ou sou <https://imperialbrands.whistleblowernetwork.net>. Oswa ou ka eskane kòd QR anba a avèk kamera aparèy ou a:



Yon fwa w sou sistèm lan, ou ka bay yon rapò ekri oswa anrejistre yon mesaj vokal (iOS pa sipòte li kounye a) epi w ka tou mete dokiman, foto oswa videyo pou sipòte rapò w la, si w vle. Si w chwazi kite yon mesaj vokal, si w vle pou ret anonim, y ap mete yon efè nan vwa w pou pwoteje idantite w.

Si w vle, nan kèk peyi, ou ka rele tou yon liy lokal gratis epi swiv enstriksyon otomatik yo pou kite mesaj ou a. Ou ka gen aksè ak yon lis peyi ak nimewo [la a](tel:25492). Jis rantrè kòd 25492 lè yo mande w sa a.

Kèlkeswa opsyon w chwazi, yo pral envite w kreye yon bwat postal ki sekirize ki ba nou yon mwayen sekirize epi ki efikas pou nou kominike avèk ou nan sistèm lan epi ba w fidbak.

Asirans nou pou ou

N ap fè tout mwayen posib pou nou kenbe enkyetid ou yo anonim epi kite yo konfidansyèl. Sepandan, si yo bezwen fè yon envestigasyon ki apwopriye, yo ka gen bezwen divulge kèk enfòmasyon.

Ou ka chwazi pataje enkyetid ou a yon fason anonim ak kondisyon lalwa peyi kote w ap travay la pèmèt sa a.

Nou pa tolere vanjans kont yon moun ki denonse oswa ki bay èd li nan yon ankèt.

Novanm 2020